



Akò sa a dekri tèm ak kondisyon pou itilize Chromebooks yo bay lekòl la ak resous teknoloji ki gen rapò. **Elèv yo ak paran/gadyen legal yo responsab pou li ak konfòme yo ak tout enfòmasyon yo jwenn nan kontra sa a ak tout politik distri lekòl la, ki gen ladan, men pa limite a, Règleman # 4526 Rezo Odiratè Itilizasyon Akseptab; Règleman # 4526-F Fòm Rezo Odiratè Itilizasyon Akseptab; Règleman # 4526-R Rezo Odiratè Règleman Itilizasyon Akseptab; ak Règleman # 4527 Règleman Prè Odiratè.**

1. Responsablite Aparèy:

- Chromebooks ak/oswa lòt aparèy distri yo bay se pwopriete Distri Lekòl Westbury epi yo dwe itilize **SÈLMAN** pou travay ki gen rapò ak lekòl la. Travay ki gen rapò ak lekòl la refere a nenpòt devwa pwofesè elèv yo fè ki gen ladan men pa limite a devwa, rechèch, pwojè, PowerPoints, elatriye.
- Elèv la **PA** gen pèmasyon pou jwenn aksè nan **sit medya sosyal (Instagram, Facebook Tik Tok, elatriye), jwèt/game, sinema, mizik, televizyon, oswa sit makèt/mache** sou Chromebook Distri a paske sa yo pa aktivite devwa lekòl la. Chromebooks Distri a ak/oswa lòt aparèy distri lekòl la nan siveyans itilizasyon ak rechèch kontni nan nenpòt ki lè, kidonk pa ka gen okenn atant sou vi prive.
- Chromebooks ak/oswa lòt aparèy distri lekòl la bay yo asiye nan chak elèv lè yon kontra siyen epi retounen.
- Tou de elèv yo ak paran/gadyen legal yo responsab pou swen ak itilizasyon apwopriye nan Chromebooks yo ak/oswa lòt aparèy distri lekòl la bay. Nenpòt domaj akòz neglijan oswa move itilizasyon entansyonèl ka lakòz frè reparasyon oswa ranplasman.

2. Done ak Konfidansyalite:

- Elèv yo ak paran yo dwe respekte vi prive lòt moun epi evite gen aksè, pataje, oswa distribye enfòmasyon pèsonel san otorizasyon apwopriye.
- Distri lekòl la ka kontwòle Chromebooks ak/oswa lòt aparèy distri lekòl la ak itilizasyon, trafik rezo, ak aplikasyon enstale pou asire konfòmite avèk règleman lekòl yo epi pou kenbe yon anviwònman aprantisaj ki an sekirite.
- Elèv yo ak paran yo responsab pou kenbe sekirite ak entegrite aparèy la, ki gen ladan pa pataje modpas oswa angaje yo nan aktivite ki ka konpwomèt sekirite rezo a.

3. Swen ak Jere:

- Elèv yo **OBLIJE** pote Chromebooks asiye yo ak/oswa lòt aparèy distri lekòl la nan chak klas chak jou ak yon batri konplètman chaje. Se responsablite elèv la pou chaje Chromebook la chak swa (klas 6-12 ane). Si elèv la pa chaje Chromebooks yo ak/oswa lòt aparèy distri lekòl la, sa pral lakòz elèv la pa kapab patisipe konplètman nan tout opòtinite edikasyon chak jou.
- Etikèt idantifikasyon ki gen ladan nimewo seri a ak Westbury UFSD etikèt avantaj yo dwe rete san deranje sou aparèy la. Westbury UFSD kenbe dosye ak envantè tout Chromebooks ak/oswa lòt aparèy distri lekòl la. Etikèt ki manke oswa ki domaje ka lakòz frè reparasyon oswa ranplasman.
- Manje ak bwè tou pre Chromebooks yo ak/oswa lòt aparèy distri lekòl la entèdi pou anpeche domaj.
- Stickers (foto ak adezif/lakòl), dekorasyon, oswa modifikasyon nan pyès ki nan konpitè Chromebooks yo ak/oswa lòt aparèy distri lekòl la pa akseptab/ entèdi/ pa gen dwa.



4. Kontakte lè gen Pwoblèm:

- Nenpòt pwoblèm teknik, domaj, pèt, oswa vòl aparèy dwe rapòte bay pwofesè elèv la ak Pèsonèl Pwen Teknoloji lekòl la imedyatman.
- Se responsablite paran/gadyen legal yo pou rapòte pwoblèm yo imedyatman epi kolabore ak lekòl la pou rezolisyon alè.
- **Aparèy pèdi oswa vòl:** Si yon aparèy pèdi oswa yo vòlè li, yon paran oswa elèv la dwe rapòte li bay Biwo Prensipal la/Administrasyon imedyatman (nan lespas 24 èdtan).
 - Si aparèy la pèdi/vòlè sou teren lekòl la, Administratè Lekòl yo pral depoze yon rapò lapolis.
 - Si yo vòlè li deyò lakou lekòl la, Paran/Gadyen Legal yo dwe depoze yon rapò lapolis. Yo dwe bay yon kopi rapò lapolis la nan biwo Direktè a/Direktris la.
 - Si ou pa vle depoze yon rapò lapolis, sa pral lakòz Paran/Gadyen Legal la pran responsablite finansye konplè pou yon ranplasman.

5. Retounen Aparèy yo:

- Nan fen ane lekòl la, Chromebooks ak/oswa lòt aparèy distri lekòl la ka ranmase/retounen depann sou lekòl la ak nivo klas la.
- Lè yo gradye ak/oswa transfere soti nan Westbury UFSD, elèv/paran/gadyen legal yo oblije retounen Chromebooks yo ak/oswa lòt aparèy distri lekòl la bay nan bon kondisyon. Si w pa retounen Chromebooks yo ak/oswa lòt aparèy distri lekòl la, sa a pral lakòz frè ki asosye yo.

6. Reprann /Fen Akò a:

- Lekòl la kenbe dwa pou sispann itilizasyon Chromebooks tanporèman oswa pèmanan ak/oswa lòt aparèy distri lekòl la bay, mete fen akò sa a ak/oswa revoke Chromebooks ak/oswa lòt aparèy ak privilèj distri lekòl la bay nan nenpòt ki lè.

7. Sipò & Reparasyon:

- Distri lekòl la PAP peye pou reparasyon pyès ki nan òdinatè a/konpitè/lojisyèl ke distri lekòl la detèmine se akòz move itilizasyon, neglijan, oswa domaj entansyonèl (vandalis). Sa enkli nenpòt aparèy ke elèv la prete.
- Reparasyon pyès ki nan òdinatè a/konpitè/lojisyèl ke distri lekòl la detèmine pou kouvri depans lan anba garanti distri lekòl la oswa kòm aksidan yo pral kouvri jiska yon gwo ensidan pou chak ane lekòl la. Yon gwo ensidan defini kòm nenpòt ensidan ki depase \$130.00.
- Pa eseye repare Chromebooks yo ak/oswa lòt aparèy distri lekòl la pou kont ou. Pa eseye retire oswa chanje estrikti fizik aparèy la, ki gen ladan klavye a oswa bwat plastik la. Lè w fè sa, w ap anile garanti a, epi fanmi yo pral responsab **100 pousan** depans reparasyon oswa ranplasman an.



	Premye Ensidan (Nan yon ane lekòl kalandriye)	Dezyèm ak Tout Ensidan Adisyonèl
Aksidan	Kòm koutwazi, distri lekòl la pral kouvri depans ki asosye ak mwens pase \$130.00 ki gen rapò ak premye ensidan domaj aksidan an. Imedyatman apre domaj aksidan an, yo dwe retounen aparèy la nan lekòl la pou reparasyon. Elèv yo ap resevwa yon aparèy sou prè pou tan/peryòd reparasyon an.	Paran/gadyen legal yo ap responsab finansyèman pou tout depans reparasyon ki asosye ak dezyèm ak tout ensidan adisyonèl domaj aksidan. Elèv la ak paran/gadyen legal yo pral responsab pou peman reparasyon ak/oswa ranplasman jiska pri ranplasman konplè aparèy la. Imedyatman apre domaj aksidan an, yo dwe retounen aparèy la nan lekòl la pou reparasyon. Elèv yo ap resevwa yon aparèy sou prè pou tan/peryòd reparasyon an.
Gwo Domaj Aksidan, Domaj Entansyonèl, OSWA Pèt/Vòl	<p>Nan ka kote yon Chromebook ak/oswa lòt aparèy distri lekòl la bay domaje, epi yon IT Dragons (depatman teknoloji) detèmine domaj la depase itilizasyon nòmal (sa vle di yon rezilta abi, neglijan, domaj entansyonèl, elatriye), oswa yo pèdi* oswa yo vòlè li*, yo pral chaje elèv la ak paran/gadyen legal la pou reparasyon ak/oswa ranplasman jiska pri konplè ranplasman aparèy la.</p> <p>Tanpri sonje – distri lekòl la ka lokalize yon aparèy adistans si li limen. Tanpri kontakte lekòl la ak/oswa Distri a imedyatman si aparèy la pèdi. Y ap refere domaj delibè a bay direktè/direktris lekòl la. Elèv la ka resevwa nenpòt ak tout disiplin apwopriye pou domaj pwopriyete lekòl la jan sa endike nan règleman Komisyon Konsèy Edikasyon a, ki gen ladan Kòd Konpòtman Elèv la.</p>	



Aprè premye domaj aksidan an, egzanzan pri ranplasman ak reparasyon ki pi komen yo se jan sa a:

Pati Ranplasman Komen	
Etikèt ki manke (non, nimewo etikèt, elatriye)	\$5.00+ pa egzanzan
Ranplasman fil ak kab (chajè)	\$18.00+ pa egzanzan
Ranplasman Pyès Klavye	\$25.00+ pa egzanzan
Ranplasman Ekran	\$130.00+ pa egzanzan
Ranplasman Sistèm Prensipal la (ki gen ladan domaj nan pò yo)	\$200.00+ pa egzanzan
Ranplasman Chromebook (Touchscreen)	\$400.00+ pa egzanzan
Lòt Reparasyon jan IT Dragon yo Detèmine	Detèmine nan moman ensidan an

** Depans yo ka chanje, san avètisman, akòz depans travay ak pati ki detèmine pa fournisseurs entèn ak ekstèn.
**Paran/gadyen legal elèv la pral responsab finansyèman pou domaj nan aparèy yo prete yo.

**** Nan ka pèt oswa vòl, tanpri avize Distri a imedyatman. Distri a ka itilize lojisyèl lokal pou ede nan lokalize aparèy la.**

Lè w siyen pi ba a, ni elèv la ni paran/gadyen legal la rekonèt yo te li, konprann, epi dakò pou yo konfòme yo ak tèm ak kondisyon ki endike nan akò sa a.

Siyati Elèv	Dat
--------------------	------------

Siyati Paran/Gadyen Legal:	Dat
-----------------------------------	------------

Fòm sa a dwe ranpli epi retounen anvan yo bay pitit ou a yon aparèy. Tanpri retounen fòm ki siyen an nan lekòl la pou w ka ranmase Chromebooks ou ak/oswa lòt aparèy distri a.

POU MOUN OFIS LA SÈLMAN	
Student Name	
Building/Teacher	
Grade	
Westbury UFSD Asset Tag	
Serial Number	
Model	